

## The Great Ball Game /Yon Gwo Match Boul



Hawk

Vwala lontan, **Zwazo** yo te gen yon **diskisyon** ak **Bèt ki pa vole** yo. “Bèt ki genyen zèl se yo ki pi bon.” Zwazo yo te di. Lòt Bèt yo di se pa vre,” Bèt ki gen dan se yo ki pi bon.” Apre diskisyon an **Grigri**, lidè Zwazo yo e **Lous**, lidè Bèt yo gen yon **ide**.

“Ann nou fè yon **match** boul.” Grigri di. Premye ekip ki fè **gòl** la, se li ki genyen diskisyon an. “Ide sa a bon .” Lous di. Ekip ki genyen an ap deside yon **pinisyon** pou lòt ekik la. Sila yo ki pèdi a ap oblije aksepte pinisyon an. Konsa yo ale fòme de **ekip**. Yon bò se sila ki gen zèl yo:”Zwazo.” Lòt bò a se sila ki gen dan yo: “Bèt.”



Chovsouri

Men lè ekip yo fin fòme gen youn ladan yo ki pa nan okenn ekip. Se **Chovsouri**. Chovsouri gen zèl e li gen dan. Li oblije ap prale de ekip an ekip. **Premyèman** lale bò kote Bèt yo.” Mwen genyen dan se bò kote nou pou mwen ye.” Lous souke tèt li. “Men ou gen zèl tou, se Zwazo ou ye.”

Alò Chovsouri ale jwenn Zwazo yo “Nou wè mwen gen zèl.” Men Zwazo yo tonbe ri Chovsouri. Yo di l: Nou pa bezwen w, ou twò piti pou ede nou.” Chovsouri tounen kote Lou. Lous gen **pitye** pou li e li di: “ Nan lavi ou toujou bezwen yon pipiti pase w.”



lous



rena

Ekip yo jwe di. Bò kote Bèt yo **Rena** ak **Sèrf** te trè rapid. Lous te ede yo wè klè kote pou yo jwe. **Malfini** ak **Grigri** te jwe pi di. Chak fwa Zwazo yo pran boul la, yo voye l byen wo pou Bèt yo pa ka rive pran boul la.

Ou te ka wè Zwazo te pral genyen match la. Bèt yo te yon ti jan **fatige** epi solèy ta pral kouche. **Bridsokou**, Chòvsourit monte sou teran an epi li vòlè boul la. Li voye l tankou yon **flèch** paske li pa bezwen limyè pou li wè aswè. Pa t gen yon zwazo ki te kab rete misye. Chovsouri fè yon gòl. Bèt yo genyen!

Se konsa yo aksepte Chovsouri kòm yon bèt, e yo chwazi l pou l decide pinisyon Zwazo yo. Chovsouri di : “Nou menm Zwazo, nou dwe pati kite **tèritwa** sa a pou **mwatye** nan ane a.” Se sa k fè Zwazo toujou vole al nan **Sid** chak fwa sezon ivè rive. Se konsa chak jou, depi **labrindiswa** Chovsouri ap vole pou li wè si Bèt yo bezwen l pou yo jwe boul.



serf

## Aktivite

Diskite mo vokabilè yo ak elèv yo anvan lekti istwa a. Bay yo kèk ekzanp ak mo yo.

Grigri - lidè – ekip - chovsouri – pitye – malfini – bridsoukou – teritwa - labrindiswa.

### **Mwen konprann istwa a.**

1. Idantifye pwoblèm ki genyen nan istwa a?
2. Kisa ou panse Bèt ak Zwazo aprann de istwa sa a ?
3. Ki mesaj otè a vle fè pase?
4. Kijan pwoblèm nan istwa a rezoud ant Zwazo yo ak Bèt yo?
5. Kisa ekip ki genyen an gen pou l fè?
6. Kijan Zwazo yo to konpòte yo vizavi chovsouri a?
7. Kijan otè a montre Lous la se yon animal sansib?
8. Nan ki ekip chovsouri te jwe?
9. Nan kòmansman istwa a ki lès nan ekip yo ou panse t ap gen match la?
10. Kijan chovsouri ka vole san difikilte aswè?
11. Kijan Bèt yo santi yo osijè de chovsouri a?

### **Ann nou reflechi sou tèks la.**

1. Èske ou panse istwa sa a montre yon bon egzanp pou rezoud yon pwoblèm?
2. Poukisa tou de ekip yo pat vle chovsouri nan kòmansman istwa a? Itilize detay nan istwa a pou bay repons la.
3. Kijan chovsouri fini pa ranpòte laviktwa pou Bèt yo?
4. Tout Bèt yo travay an ekip. Dekri chak ekip e Konpare yo youn ak lòt?

**Ranpli espas vid yo ak mo sa yo: chovsouri – zwazo – boul – bèt – pwoblèm - zèl**

1. Bèt yo ak Zwazo yo te genyen yon -----
2. -----te kwè yo te pi bon , paske yo genyen dan.
3. -----te kwè yo te pi bon , paske yo genyen zè.
4. Yo deside jwe yon jwèt ----- pou yo ka konnen kilès ki pi bon.
5. ----- genyen dan ak zèl.
6. ----- yo oblije pati chak ivè paske yo pèdi match la.
7. ----- fè yo genyen.